# SULAYMANOV TIMUR ÓZIN KÓRKEM ÓNERGE BAĞISHLAĞAN XUDOJNIK

***Kamalova Gúlmaryam***
*Ózbekstan Mámleketlik konservatoriyası*
*Nókis filialı "Ulıwma kásiplik hám*
*social-gumanitar pánler kafedrası"*
*"Muzıkatanıw" qánigeligi 2-kurs studenti:*
***Saparova Gwzal***

***Annotaciya***: Bul maqalada Qaraqalpaqstan Respublikasındağı sheber xudojnik hám pidayı pedagog - Sulaymanov Timur Amangeldiyevichtiń ómiri, dóretiwshiligi hám kórkem óner tarawındağı xızmetleri keńnen sáwlelendirilgen. Maqalada xudojniktiń bilim alğan jılları, ustazları, pedagogikalıq jumısı hám shańaraqlıq tárbiyası haqqında tolıq mağlıwmatlar berilgen.

***Gilt sózleri:*** Pedagog, xudojnik, ğayratker,

Аннотация: В данной статье подробно освещается жизнь, творчество и заслуги в области искусства талантливого художника и преданного своему делу педагога из Республики Каракалпакстан - Сулайманова Тимура Амангельдиевича. В статье представлена подробная информация о годах обучения художника, его наставниках, педагогической деятельности и семейном воспитании.

***Ключевые слова***: Педагог, художник, деятель

Annotation: This article extensively covers the life, work, and contributions of Timur Amangeldiyevich Sulaymonov, a skilled artist and dedicated educator in the Republic of Karakalpakstan. The article provides detailed information about the artist's years of education, mentors, pedagogical work, and family upbringing.

***Keywords***: Teacher, artist, activist

Búgingi kúnde súwretshilik kórkem óneri jámiyetimizdiń mádeniy-ruwxıy turmısında sheksiz áhmiyetke iye. Bul tarawda óziniń pidákerlik miyneti, tereń bilimi, bay tájiriybesi hám biytákirar dóretiwshilik kózqarası menen ajıralıp turatuğın kórkem óner ğayratkerlerinen biri bul - Sulaymanov Timur Amangeldievich bolıp esaplanadı. Ol 1984-jıl 2-martta Qaraqalpaqstan Respublikasınıń gózzal orınlarınan biri - Kegeyli rayonında zıyalılar shańarağında dúnyağa kelgen. Balalıqtan tábiyat kórinisleri, reńler uyğınlığı hám átiraptağı gózzallıqlar onıń qálbinde ilham oyatatuğın edi. Kishkene Timurdıń kórkem ónerge bolğan muhabbatı, dóretiwshilikke bolğan umtılısı balalığınan-aq sezilgen. Súwretler arqalı pikir bildiriw, sızılmalar arqalı sezimlerdi jetkeriw oğan zawıq bağıshlaytuğın edi. Bul mehir onı pútkil ómiri dawamında tárk

etpedi. Ákesi - Sulaymanov Amangeldi Baxievich 1953-jılı Kegeyli rayonında dúnyaǵa keledi. Ol uzaq jıllar dawamında 7-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebinde oqıtıwshı sıpatında jumıs alıp barǵan. Bilim hám ádepti birinshi orınǵa qoyǵan pidayı ustaz, óz kásibine sadıq, ómiri dawamında el arasında húrmetke erisken insan búgingi kúnde ómirde bolmasa da, kewillerde óshpes iz qaldırǵan. Anası Saqtaǵanova Qalısh Duyisbaevna 1957-jılı Taxtakópir rayonında tuwılǵan. Ol Kegeyli rayonı 7-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebinde muǵallim bolıp islegen hám házirgi waqıtta napaqada. Timur Amangeldiyevich zıyalı hám kórkem ónerge jaqın shańaraqta ósti. Bul shańaraqta jeti perzent dúnyaga kelgen: úsh ul hám tórt qız. Olardıń tuńgıshı - Sulaymonova Shınar Amangeldiyevna 1977-jılı Kegeyli rayonında tuwılǵan. Tilekke qarsı, ol 2019-jılı qaytıs boldı. Onnan keyin 1979-jılı tuwılǵan Sulaymanov Aydos Amangeldiyevich tuwılǵan bolıp, ol házirde "Imkon" reabilitaciya orayında jumıs alıp barmaqta. Keyingi perzent - Sulaymanova Janar Amangeldiyevna, 1982-jılı Kegeyli rayonında tuwılǵan bolıp, házir úy biykesi. 1984-jılı 2-mart kúni bolsa shańaraqtıń gezektegi perzenti - Sulaymanov Timur Amangeldiyevich dúnyaǵa kelgen. Timurdan keyin, 1990-jılı tuwılǵan Sulaymanova Muslima Amangeldiyevna ómirin shańaraǵına baǵıshlaǵan, házirde ol da úy biykesi. Eń kishi perzenti Baxiev Ixlasbek Amangeldiyevich bolsa házirgi kúnde "Titan cement zavodı"nda jumıs islep kelmekte. Bul perzentlerdiń barlıǵı ata-ana tárbiyasında mehir hám ilim menen ósken. Ásirese, olardıń hár biri óz tarawında miynet etpekte, ayırımları bolsa shańaraǵı hám jámiyet aldındaǵı wazıypasın sadıqlıq penen orınlap kelmekte. Sulaymanov Timur bolsa usı úlken shańaraqtıń ortanshı perzenti sıpatında tek ǵana shańaraqtıń emes, al pútkil kórkem óner ǵayratkerleri hám jas dóretiwshilerdiń maqtanıshına aylanǵan. Sulaymanov Timur Amangeldievich balalıqtan tábiyat kórinisleri ózine tartıp, olardı reńli súwretlewde sáwlelendiriwdi qáler edi. Bul qızıǵıwshılıq ómir jolın kórkem óner menen baylanıstırıwına sebep boldı. Timurdıń balalıǵı kórkem ónerge jaqın ortalıqta ótti. 1990-jılı sentyabrde Kegeyli rayonındaǵı 7-sanlı ulıwma bilim beriw mektebine qádem qoyǵan kishkene xudojnik mektep dáwirinde-aq súwretlew ónerine kúshli qızıǵıwshılıq bildirdi. Oqıw menen birge dóretiwshilik shınıǵıwlarǵa berilip, boyawlar áleminde óziniń birinshi reńli ármanların ámelge asırdı. 1999-jılı mektepti tamamlaǵannan soń, ol kórkem óner jolınan barıwǵa qatań qarar etip, Qaraqalpaqstan Súwretlew hám Ámeliy Kórkem óner licey-internatına oqıwǵa kirdi. Bul jerde ol tek ǵana texnikalıq bilimlerge ie bolıp qoymastan, al dóretiwshilik pikirlewi jáne de tereńlesti, reń hám forma arqalı súwretlew sheberligi qáliplesti. Joqarı maqsetler onı Tashkentke jetekledi. 2007-jılı Kamoliddin Behzod atındaǵı Milliy súwretlew hám dizayn institutın tabıslı tamamladı. Bul dárgayda ol tek ǵana súwrechilik sırların emes, al milliy kórkem miyrasqa bolǵan tereń húrmetti de ózlestirdi. Talant hám izleniw ruwxı menen suwǵarılǵan Timur 2009-jılı usı institut magistratura basqıshın da tamamlap, kórkem óner tarawındaǵı tereń bilim iyesi boldı. Onıń dóretiwshilik jumısı

2009-jılı Nókis mádeniyat hám kórkem óner kolledjinde súwretlew kórkem óneri bólimi oqıtıwshısı sıpatında baslandı. Jas talantlılardı tárbiyalaw jolında islegen miyneti, sabaqlar dawamında bergen ilhamı hám ilimi kóp oqıwshılardıń kórkem ónerge jaqınlasıwına sebep boldı. 2017-2019-jıllar dawamında ol sol kolledjde súwretlew óneri bóliminiń baslıǵı lawazımında jumıs alıp barıp, óziniń shólkemlestiriwshilik potencialı hám jetekshilik pazıyletlerin kórsetti. 2020-jıldan baslap Sulaymanov Timur Amangeldiyevich ilimiy-pedagogikalıq jumısın Qaraqalpaq Mámleketlik Universitetinde dawam ettirip kelmekte. Dáslep Kórkem ónertanıw kafedrasında assistent (0,5 stavka) sıpatında jumıs baslaǵan. Ol búgingi kúnge kelip, ilim, dóretiwshilik hám tárbiyanı úylestirgen ustaz sıpatında tanılǵan. 2021-2022-jıllarda da usı lawazımda islegen. Onıń tájiriybesi hám miynetine baha berilgen halda 2023-jılı Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń Kórkem ónertanıw kafedrası assistenti lawazımına tayınlanadı. Ilimiy hám dóretiwshilik jetiskenlikleri Timur Amangeldievichti óz jumısı dawamında kórkem ónertanıw baǵdarında jetik qánige sıpatında qáliplestiredi. Onıń tiykarǵı qánigeligi “Stanoklı reńli súwretlew” bolıp, ol bul baǵdarda óziniń bilim hám kónlikpelerin tek ǵana studentlerge jetkeriw emes, al ilimiy-izertlew jumıslarında da belsene qollanbaqta. Ol óziniń kásiplik sheberligin turaqlı túrde arttırıp baradı hám zamanagóy kórkem ónertanıw baǵdarındaǵı jańalıqlardı izbe-iz úyrenedi. Sonday-aq, kórkem óner hám súwretlew dóretiwshiligi tarawında joqarı nátiyjelerge erisiw ushın izleniwsheńlik hám dóretiwshilik qatnastı ózine ólshem etip alǵan. Sulaymanov Timur Amangeldievich - kórkem ónertanıw tarawında jas áwladqa bilim beriw, olardıń dóretiwshilik oy-pikirin rawajlandırıw hám súwretlew óneriniń jámiyettegi ornın bekkemlew jolında pidákerlik penen miynet etip atırǵan pedagoglardan biri. Onıń miynet jolı kórkem ónerdiń rawajlanıwına múnásip úles qosıp, keleshek áwlad ushın bekkem tiykar jaratpaqta. Onıń tájiriybesi hám kásiplik sheberligi, sonday-aq, dóretiwshilik qatnası kórkem óner tarawında jańa talantlardı ashıwda ayrıqsha áhmietke iye bolmaqta. Sonıń ushın da ol óz tarawında jetekshi qánigelerden biri sıpatında tán alınadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Adambaeva “Qaraqalpaq muzıkasınıń tariyxınan” “Qaraqalpaqstan” baspası 1985-jıl.
2. T.Adambaeva “Revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq muzıkası” “Qaraqalpaqstan” baspası 1985-jıl.
3. Kamalova, G. (2023). QÁLEMI ÓTKIR KOMPOZITOR (D. Djańabaeva dóretiwshilik jolı). Вестник музыки и искусства, 1(2), 37-39...
4. Charshemov J. Problems of Using Karakalpak Folklore in Composers //Vital Annex: International Journal of Novel Research in Advanced Sciences. – 2023. – T. 2. – №. 3. – C. 270-273.

5. Charshemov J. A REVIEW OF MARKABAY JIEMURATOV'S WORK //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 818-821.
6. Niyazbaeva A., Kamalova G. ÓZBEKISTON XALQ BAXSHISI QALLIEV TEŃELBAY GENJEBAEVICH IJODI //Общественные науки в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – №. 7. – С. 22-24.
7. Мазель Л.А. Анализ музыкальных произведений II часть. 2005
8. Kamalova.G. Kompozitor Dariko Jańabaeva. – Nókis, Ilimpaz. 2023.
9. Dauletbaeva G., Kamalova G. A SHINING STAR //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 880-884.
10. Dauletbaeva G., Kamalova G. A SHINING STAR //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 880-884.